

**PANGAJARAN NYERAT DEUI EUSI TÉKS BIOGRAFI DUMASAR KANA
PILEM NGAGUNAKEUN PADIKA CLUSTERING ANU MUSEUR KANA
NGEMBANGKEUN IDEU KANA TÉKS DESKRIPTIF DINA PESERTA DIDIK
KELAS X SMK TAMANSISWA BANDUNG WARSIH 2020/2021**

ku
ESTIANA
175030064
Universitas Pasundan
Bandung

RINGKESAN

Panalungtikan ieu condong kanggé ngauningakeun pangabisa panalungtik dina ngarencanakeun, sarta milampah pangajaran nyerat deui eusi téks biografi dumasar kana pilem ngagunakeun padika clustering anu museur kana ngembangkeun ideu kana téks deksriptif; terang pangabisa peserta didik dina pangajaran nyerat deui eusi téks biografi dumasar kana pilem anu museur kana ngembangkeun ideu kana téks deskriptif saméméh sareng saatos ngagunakeun padika clustering; sarta terang kaépéktipan padika clustering anu digunakeun dina pangajaran nyerat deui eusi téks biografi dumasar kana pilem anu museur kana ngembangkeun ideu kana téks deskriptif. Panalungtikan ieu dumasar kirangna pangabisa peserta didik dina pangajaran nyerat, utamina dina nyerat deui eusi téks biografi. Pangajaran nyerat deui ngahijikeun rupa-rupa kaparigelan basa nyaéta maca jeung nyerat. Padika anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta eksperimen kalayan desain quasi eksperimental. Teknik ngempelkeun data anu dipaké diantawisna panalungtikan pustaka, observasi, sarta tés. Sedengkeun, kénging panalungtikan yaktos: Kahiji, panulis sanggem dina ngarencanakeun pangajaran kalayan meunang peunteun 3,78 kalayan kategori saé pisan, sarta sanggem milampah pangajaran kalayan meunang peunteun 3,67 kalayan kategori saé pisan. Kadua, pangabisa peserta didik dina pangajaran nyerat deui eusi téks biografi dumasar kana pilem anu museur kana ngembangkeun ideu kana téks deksriptif dina kelas eksperimen kalayan rata-rata kénging pratés 50, janten naék kalayan rata-rata kénging pascaté 86. Dumasar kana uji Paired Samples Test anu ngabuktoskeun kénging Asymp. Sig. (2-tailed) sagedé 0,000 nyaéta leuwih leutik ti 0,05, mangka Ha2 ditarima. Katilu, Kaépéktipan padika clustering dina pangajaran nyerat deui eusi téks biografi dumasar kana pilem anu museur kana ngembangkeun ideu kana téks deskriptif kalayan kénging panaékan dina kelas eksperimen sagedé 36 sareng dina kelas kontrol sagedé 25. Dumasar kana uji Independent Samples Test anu ngabuktoskeun kénging Asymp. Sig. (2-tailed) sagedé 0,020 nyaéta leuwih leutik ti 0,05, mangka Ha3 ditarima. Dumasar kana kénging kasebat, panalungtik nyimpulkeun yen pangajaran nyerat deui eusi téks biografi dumasar kana pilem ngagunakeun padika clustering anu museur kana ngembangkeun ideu kana téks deskriptif dina peserta didik kelas X SMK Tamansiswa Bandung warsih 2020/2021 suksés.

Sanggem Konci: *Nyerat, Téks Biografi, Clustering*